

Lwa Bon Samariten nan Maryland (Maryland's Good Samaritan Law)



Lwa Bon Samariten nan Maryland, yo rele li tou "Good Sam," pwoteje moun ki ede nan sitiyaasyon ijans lè gen yon soudozaj (overdose). Moun sa yo jwenn pwoteksyon kont arestasyon ak pouswit jidisyè pou kèk krim espesifik.

Poukisa lwa sa a egziste?

Objektif lwa a se ankouraje nenpòt moun, kèlkeswa laj yo, ki temwen yon ijans medikal ki koz dwòg oswa alkòl, pou yo chèche èd medikal san yo pa pè arestasyon.

Kisa lwa a pwoteje ou kont arestasyon?

Lwa Bon Samariten an pwoteje moun kont arestasyon, akizasyon, oswa pouswit jidisyè pou krim sa yo, sèlman paske yo te ede epi rele sekou nan yon ijans:

- Posede oswa administre yon sibtrans kontwole (dwòg ilegal)
- Zouti ki sèvi ak dwòg (parafènalya dwòg)
- Parafènalya ki kontwole
- Posede alkòl lè ou poko gen laj legal
- Jwenn alkòl pou yon moun ki poko gen laj legal
- Bay oswa pèmèt yon moun ki poko gen laj legal bwè alkòl



Moun ki viktim yo tou pwoteje si yo resevwa èd paske yon Bon Samariten rele sekou pou yo.

Kisa lwa a pa pwoteje ou kont?

Ou pa pwoteje si ou wè yon ijans epi ou pa ede. Lwa Bon Samariten an pa aplike pou gwo krim dwòg (feloni) oswa lòt krim ki pa nan lis la. Lwa a pa anpeche lapolis fè ankèt oswa ranmase prèv

Èske ou gen yon manb fanmi ki ap lite ak itilizasyon sibtrans?

The Parents' Place of Maryland gen espesyalis nan Sante Konpòtman (Family Partner) ki gen eksperyans pèsònèl epi ki ka sipòte ou ak fanmi ou atravè sèvis sipò youn-a-youn. Vizite: ppmd.org/contact Oswa rele: 410-768-9100



Gade [videyo PPMD sou Lwa Bon Samariten nan Maryland](#) pou plis enfòmasyon.

The Parents' Place of Maryland - 802 Cromwell Park Drive, Suite H, Glen Burnie, MD 21061
Telefòn 410-768-9100 - Faks 410-768-0830 - ppmd.org/contact - ppmd.org

PPMD ka bay enfòmasyon, resous, ak fòmasyon nan lòt lang (tankou lang siy), si ou mande li. Tanpri kontakte nou pou bezwen tradiksyon oswa entèpretasyon.